

FAQs

(Kontinye)

Èske chak elèv segondè ka gen pwòp aparèy li nan kay ki gen plizyè elèv?

Wi. Yo ka bay elèv lekòl segondè ki nan menm kay yon aparèy pou yo ka endividyèlman benefisye yon plan done gran vitès chak mwa.

Èske aparèy la gen yon filtè pou Entènèt?

Wi. Sprint ofri yon filtè kontni ki konfòm ak “Children's Internet Protection Act (CIPA)” (Akò pou Pwoteksyon Timoun sou Entènèt) gratis avèk chak aparèy. Filtè a bloke kontni pou adilt ak viris atravè aparèy la.

Èske aparèy la etenn aprè plan done yo bay pou chak mwa a fin sèvi?

Non. Aparèy la ap kontinye travay nan vitès (2G) ki pi ba a aprè elèv la fin itilize done 3GB LTE gran vitès la nan yon mwa.

Èske elèv la kenbe aparèy la pandan ete?

Wi. Aparèy la rete nan men elèv la kontinyèlman jiskaske elèv la gradye.

Kisa k ap rive aparèy la si elèv la transfere nan lòt lekòl?

Si yon elèv transfere lekòl e li rete nan Distri Lekòl Leta Miami-Dade County, aparèy la ap rete nan men li. Si yon elèv kite distri lekòl la, yo ap mande li remèt aparèy la nan lekòl la.

Kisa k ap rive si aparèy la domaje, pèdi, oubyen yo vòlè li?

Elèv la dwe notifiye anplwaye lekòl la imedyatman, pou anplwaye lekòl la ka sispann oubyen dezaktive sèvis ki sou aparèy la. Yo ap jere ranplasan aparèy sou yon baz endividyèl, akòz kantite yo limite, yo pa garanti elèv yo y ap ranplase aparèy la.


Aprè gradyasyon, èske elèv la ap kenbe aparèy la?

Wi, elèv Lekòl Leta Miami-Dade County ki gen aparèy ap ka kenbe li lè yo gradye. Lè yo fin gradye, Sprint ap ofri elèv yo yon plan sèvis si yo chwazi pou kontinye sèvis la.

Kiyès pou m kontakte pou ede m avèk aparèy mwen an?

Si w gen nenpòt kesyon sou aparèy ou a oubyen sèvis la, silvouplè rele Sprint nan (844) 309-1680.

Pwojè ‘1Million Sprint’



Enfòmasyon sou Pwojè a

Lekòl Leta Miami-Dade County



KISA OU RESEVWA?

- “Smart” Smartphone (Android) (Telefòn Entèlijan ‘Android’) gratis pou elèv itilize lakay ak nan lekòl pou 4 ane pandan yo enskri nan yon lekòl segondè M-DCPS
- Done ‘LTE’ 3 GB gran vitès gratis pa mwa pandan yo sou Rezo Sprint la
- Done san limit disponib ak vitès 2G
- Vwa ak Tèks san limit (Pa gen apèl long distans entènasyonal)
- Kapasite ‘hotspot’ (aksè Entènèt lokal) pandan yo sou Rezo Sprint la
- Apèl/tèks lokal san limit pandan yo sou Rezo Sprint la

SÈVI AVÈK SMARTPHONE OU

- Sèvi kòm yon hotspot lakay pou aksè Entènèt
- Fè travay salklas ak devwa devwa
- Li ‘e-Books’ (Liv sou Entènèt)
- Pran e òganize nòt
- Gade nòt sou liv nòt elektwonik
- Kreye videyo kout pou pwojè nan klas



SÈVI AVÈK SMARTPHONE OU

(Kontinye)

- Suiv orè, dat pou remèt devwa, ak evènman lekòl
- Aksè sou liv dijital ak pou lòt resous distri
- Aksè sou zouti sou Entènèt

SONJE POU...

- Suiv tout règleman lekòl ak salklas ki aplikab konsènan itilizasyon smartphones nan lè lekòl
- Evite sèvi avèk smartphones kòm hotspots pandan lè lekòl
- Sèvi ak rezo “Wi-Fi” (Askè sou Entènèt sanfil) distri a nan lè lekòl
- Suiv règleman sou rezo sosyal yo lè w ap kominike sou Entènèt nan sèvi ak smartphone
 - [7540.03 - Student Responsible Use of Technology, Social Media, and District Network Systems](#)



DEPANAJ

- Si aparèy Distri a bay la pa fonksyone oubyen li pap travay byen, kontakte Sprint nan **1-844-309-1680** pou asistans

DEPANAJ

(Kontinye)

- Lekòl yo pa responsab pou rezoud pwoblèm pwogram smartphone yo oubyen pou repare telefòn ki pa fonksyone byen. Yo pa konsidre domaj fizik kòm yon “move fonksyon.”

“FREQUENTLY ASKED QUESTIONS (FAQs)” (KESYON MOUN POZE SOUVAN)

Kiyès ki elijib pou resevwa yon aparèy Sprint?

Yo ofri Pwojè 1Million Sprint pou elèv lekòl segondè ki gen 13 an oubyen plis ki pa gen aksè Entènèt gran vitès lakay, yo defini konsa:

- Pa gen aksè Entènèt lakay ditou
- Plizyè timoun nan menm kay la, ki ap travay avèk yon sèl òdinatè
- Gen Entènèt nan kay la, men li gen yon siyal ki trè ba (egz., vitès Entènèt ki sèvi ak liy telefòn) e ki pa adekwat pou fè devwa lakay

Kijan yon elèv ki elijib ka resevwa yon aparèy Sprint?

Elèv la dwe ranpli fòm konsantman yo mande a e remèt fòm siyen an bay anplwaye yo deziyen pou sa nan lekòl la.

